

Program "PA RESISITEM"

Anvan Lopital nan

Eta Florid la

Chapit 765.FS la bay pèsònèl Sèvis Ijans Medikal yo otorite sèlman pou yo respekte yon **LÒD POU PA RESISITEM (DRNO=LPPR)**. Yon moun ki an bòn sante e ki pa gen yon maladi ki san tretman gen dwa aplike yon Testaman Je Klè, ouben yo gen dwa ekzekite testaman sa apre ke yo detèmine ke moun nan nan yon eta kotel pap sove. Yon Testaman Je Klè di ki kalite tretman medikal yon moun vle ouben pa vle resevwa si jamè li ta vin pa kapab pran pwòp deszyon li konsènan tretman medikal poul ta resevwa. An konsekans, dokiman sa sèvi kòm yon gid pou doktè a detèmine ki kalite tretman poul bay yon pasyan ki enpotan nèt, e li ka sèvi kòm baz pou yo ekri yon LPPR.

Yon LPPR ki byen ekzekite fèt pou siyen pa yon doktè ki te detèmine ke eta pasyan an nan yon kondisyon final ouben ke li fin entatad e ke li pa gen anpil chans pou li refè. Li sanse gen lòd tou pou yo pa resisite yon pasyan ki gen kèl ki sispann bat ouben ki pa respire ankò, e li bay ki minimòm swen medikal ki sipoze bay pasyan an. Kidonk, pèsònèl Sevis Ijans Medikal yo gen dwa respekte yon LPPR, men yo pa gen dwa sa pou yon Testaman Je Klè, paske yon LPPR se prèyè ke doktè a detèmine nan ki kondisyon medikal pasyan an ye e ke gen yon akò dè 2 kote sou ki tretman ki pou bay. An plis, pèsònèl Sèvis Ijans Medikal yo, lè yo sou teren an, yo pa gen doktè pasyan an avèk yo pou bayo konsèy e yo bezwen otorizasyon LPPR la ka bayo pou yo pa itilize mwayen ki ta ka kenbe pasyan an vivan pi lontan.

NÒT:

Mouri pa yon bagay yo ka chwazi. Lè ou prepare tèt ou pou li a lavans, lèw konsidere tout kalite pwogrè la Medsin fè, meyè prèyè pou yo konn saw te vie anvan lanmòw, se kite yon dokiman ekri sou desizyonw pou moun kap swenw yo, fanmiw ak zanmiw ka konnen saw vle yo fè.

Jessie Trice Community Health Center, Inc.

LOCALIZACIONES

Primary Care Centers

1 JTCHC–Main Center
5361 NW 22nd Avenue, 33142

2 JTCHC Children's Wellness Center
1190 NW 95th Street, Ste. 304, 33150

3 JTCHC Flamingo Center
901 E. 10th Avenue
Bay 39, Hialeah, 33010

4 JTCHC North Center
1190 NW 95th Street, Ste. 110, 33150

5 JTCHC Norland Center
18360 NW 7th Avenue, 33139

School-Based Sites

6 Miami Edison Senior High
6161 NW 9th Court

7 COPE Center North
9950 NW 19th Avenue

8 Lillie C. Evans Elementary
1895 NW 75th Street

9 Poinciana Park Elementary
6745 NW 23rd Avenue

10 Charles R. Drew Elementary
1775 NW 60th Street

11 Charles R. Drew Middle
1801 NW 68th Street

12 Miami Central Senior High
1781 NW 95th Street

13 Gratigny Elementary
11905 N. Miami Avenue

14 Miami Park Elementary
2225 NW 103rd Street

15 Toussant L'Ouverture Elementary
120 NE 50th Street

16 Earlington Heights Elementary
4750 NW 22nd Avenue

17 Miami Edison Middle
6101 NW 2nd Avenue

18 Broadmoor Elementary
3401 NW 83rd Street

19 Phillis Wheatley Elementary
1801 NW 1st Place

20 Madison Middle
3400 NW 87th Street

21 Shadowlawn Elementary
149 NW 49th Street

22 Olinda Park Elementary
5536 NW 21st Avenue

23 Brownsville Middle
4899 NW 24th Avenue

24 Orchard Villa Elementary
5720 NW 13th Avenue

Unique Facilities

25 Jefferson Reaves Women's Residential
2985 NW 54th Street

Executive Office

- Jessie Trice Community Health Center, Inc.
700 South Royal Poinciana Boulevard, Suite 300
Miami, Florida 33166
Tel: 305.805.1700
Fax: 305.805.1715

Tel: (305) 805-1700

E-mail us at: jtchc@hcnetwork.org

www.JTCHC.org • www.JTCHF.org



Saw Ta Fèt Pouw Konnen Sou Kondisyon

Pase Davans

Dwa Ou

E lwa federal yo (lwa tout lè Zeta Zini), e lwa Florid yo baw dwa pou se ou menm ki decide sak pou fèt nan swen ak tretman medikal ou. Lwa Florid yo pèmèt ou fè tout moun konnen ki desizyon ou te pran nan de dokiman ki rele **Kondisyon Pase Davans**. An jeneral yo mete kondisyon sa yo nan de dokiman tankou sa yo rele Testaman Je Klè, Responsab Swen Sante, epi Manda a Lon Tèm.

1 ¿Kisa yo rele Testaman Je Klè?

Testaman Je klè a, se yon dokiman yo prepare pandan tout sans ou sou wou. Li bay ki kalite swen ou ta pi pito, si jamè ou ta vin pa kapab pran desizyon medikal sou jan pou yo ta trete kaw.

2 ¿Ki sa yon Testaman Je Klè ka fè?

Li fè yo respekte desizyonw konsènan aparèy ki ka fèw ret viv pi lontan yo. Yon Testaman Je Klè pa valab jiskas ke yo remèt li bay nan kote kap baw swen an.

***Si ou pa gen yon Testaman Je Klè, Lwa Florid yo prevwa ke si ou prèt pouw mouri e ke fòk yo decide sa yap fè avèk ou, kote kap swenw lan ap konsilte doktè ou ak moun ki legalman pi pwòch ou a.*

3 ¿Ki sa yo rele mwayen ki pou fèw ret viv pi lontan?

Mwayen sa yo gen dwa se machin ki pou edew respire, oprasyon pou yo fèw sibi, antibiyotik yo ka preskri pou ogmante chans pouw geri, mwayen mekanik ki ka fèw rekòmanse bat sil te sispann bat, oubyen bawou manje nan yon tib (tiyo plastik). Ou gen dwa bay ki mwayen ou pi pito nan de Kondisyon Pase Davans/Testaman Je Klè.

4 ¿Kisa yo rele Mwayen pou Fèw Pi Alèz?

Mwayen pou fèw pi alèz yo se medikaman, swen yo bawou ak lòt tretman ke yo bawou spesyalman pou yo ka fèw santi ou pi alèz ak bese doulèw le plis posib.

5 ¿Kisa yo antann pa Lòt Enstriksyon?

Nan Testaman Je Klè/Kondisyon Pase Davans lan, fòk ou di ekzakteman sa ou vle ak sa ou pa vle. Sa vle di ou lib pouw ajoute nenpòt ki enstriksyonouben lòd espesyal ou ta vle.

6 ¿Èskew ou gen dwa chwazi yon lòt moun pou pale pou wou siw paka pale pou tèt ou?

Testaman Je Klè/Kondisyon Pase Davans lan bawou posibilite pou fè sa. Ou gen dwa gen yon mandatè ke ou nonmen oumenm e ke moun kap tretew yo ka konsilte pou ijans medikal ki ta ka rive ke ou pat ka prevwa lèw tap siyen Testaman Je Klere/Kondisyon Pase Davans ou a.

7 ¿Èskew fòk ou gen temwen lè wap fè Testaman Je Klere/Kondisyon Pase Davans ou a?

Ou fèt pou siyen li ak mete dat la devan 2 temwen, fòk o mwen youn man 2 temwen sa yo pa ni madanm/mari ououben fanmiw. Eta Florid la pa ekzije pou dokiman sa notarye.

8 ¿Èske dokiman sa yo valab pou yon tan limite?

Nan Eta Florid la pa gen limit sou konben tan dokiman sa yo gen dwa valab. Men gen lòt Eta ki limite tan sa.

9 ¿Èske dokiman ki siyen nan lòt Eta Florida la e èske pa Eta Florid yo valab nan lòt Eta?

Eta Florid la rekonèt e aksepte Testaman Je Klè/Kondisyon Pase Davans ki te siyen nan yon lòt Eta. Men li pa posib pou konnen si yon lòt Eta rekonèt Testaman Je Klè/Kondisyon Pase Davans ki te siyen nan Eta Florid la san yo pa mennen ankèt sou lwa chak grenn lòt Eta yo.

10 ¿Kisa ou sipoze fè ak dokiman Testaman Je Klè/Kondisyon Pase Davans ou a?

Ou ta dwe bay moun ki ta sanse gen pou li remèt nou li a, yon kopi dokiman sa yo ak tout siyati pou nou ta ka sèvi avèk li, si jamè sa ta nesesè. Li enpòtan tou pouw diskite de dokiman an avèk moun sa e fòk ou depoze yon kopi dokiman an nan dosye medikal ou tou. Fòk ou ta kenbe yon kopi nan papye pèsònèl enpòtan ou genyen e nan yon kote ke fanmiw ak zanmiw konnen, de fason pou yo ka jwenn yo fasilman. Pa mete dokiman sa yo nan yon kòf labank, kote yo pap sa jwenn li tou swit si yo bezwenl. Pa kolel ak dokiman ki bay dènye volontew ni ak testamanw.

11 ¿Èske yon Testaman Je Klè/Kondisyon Pase Davans gen fòs la Lwa?

Konstitisyon peyi isit bawou dwa pou ou gen entimitew; an konsekans, ou gen dwa refize tretman nenpòt ki lè, ke kaw la jije san zespwaouben kel gen chans pou trete. Testaman Je Klè/Kondisyon Pase Davans se de dokiman ki gen pwa nan Tribinal e ke Tribinal rekonèt, e dokiman sa yo koze ke yo dekouvri ke gen lopital ak doktè ki te responsab de trete yon pasyan kont volonte ke li te bay nan Testaman Je Klè/Kondisyon Pase Davans lan.

12 ¿Èske Testaman Je Klè/Kondisyon Pase Davans gen rapò ak Asirans vi ou?

Non, li pa gen rapò. Prèske tout Eta ki rekonèt Testaman Je Klè/Kondisyon pase Davans gen yon atik nan lwa yo ki di ke Asirans ou pa chanje di fèt ke ou gen yon Testaman Je Klè/Kondisyon Pase Davans; non plis, pèsonn pa oblije siyen yon Testaman Je Klè/Kondisyon Pase Davans kòm kondisyon pouw ta gen Asirans Viouben Asirans Maladi.

13 ¿Èske siw siyen yon Testaman Je Klè/Kondisyon Pase Davansouben respekte sak di ladan yo, yo ka konsidere ke ou touye tèt ououben ede yon moun touye tèt li?

Non, li pa vle di sa. Retireouben kite mwayen ki pou kenbe yon moun vivan pi lontan an akò ak desizyon Tribinal Eta Florid yo.

14 ¿Siw ansent, èske sa ka afekte Testaman Je Klè/Kondisyon Pase Davans lan?

Wi. Si yon pasyan ki ansent pa ta vle yo kenbel vivan, yap kenbel vivan kont volontel pa mwayen ki genyen, jiskas ke pitit ki nan vant li a rive a tèm e ke yo ka wetel nan vant manman an. Apre sa yo ka sispannouben wete mwayen ki tap kenbe pasyan an vivan yo.

15 ¿Kisa yo rele yon Responsab Swen Sante?

Lwa Florid yo pèmèt ou bay non yon moun ki pou pran desizyon medikal pou wou lè ou pa an mezi pouw decide ou menm pase ou pa gen tout konesans ou. Se lè ou vin pa kapab pran desizyon pou kont ou ke moun sa kapab pran responsabilite a pou wou.

16 ¿Kisa yo rele Manda a Lon Tèm?

Lwa Florid yo pèmèt bay Manda a Lon Tèm. Manda sa eksplike klèman ki pouwva ou bay moun ki gen Manda a Lon Tèm nan nan men li. Pouwva sa yo ka gen ladan yo aranjman pou konsantman ou bay pou tretman medikalouben operasyon. Yon Manda a Lon Tèm gen dwa pale de sityasyon finansyè tou.

***Dapre lwa Florid yo ou gen dwa nonmen nenpòt ki gran moun pouw aji an kalite Mandatè a Lon Tèm ou. Men fòk se yon moun ki konnen sa ou ta vle.*

